



DOKIMAN A LEKRI SOU PLENT KE SITWAYEN POTE KONT LAPOLIS

Tanpri ekri plent ou nan espas ki anba a. Anvan ke w ekri plent la, ou dwe konprann ke ofisye a osnon ofisye yo ke w pote plent pou li an osnon pou yo an, pral sèmante anvan ke l reponn sou plent ke w pote pou li. Konsa, yo pral mande w pou ekri akizasyon/ deklarasyon an sou sèman tou. Gen yon lwa nan Eta Florid la 837.06 ki di ke:

"Nenpòt moun ki bay yon fo deklarasyon a lekri avek entansyon pou detounen yon sitwayen ki ofisyelman ap fè travay leta bal pou fè a, moun sa a antò, likomèt yon enfraksyon dezyem degre ke lwa Eta Florid 775.082, 775.083 prevwa yon pinisyon pou li. Si envestigasyon fèt e li pwouve ke deklarasyon a lekri sou sèman ke w te fè a fo, yap rele w lajistis.

Yon Polis Ofisye osnon yon Gad prizon genyen dwa tou pou rele nan leta nenpòt moun, òganizasyon, kòporasyon, ki, sou sèman, bay fo enfòmasyon kont ofisye sa yo. Genyen yon lwa nan Eta Florid la 112.533 (4) ki di ke : nenpot moun ki enkli nan yon envestigasyon ke Internal Affairs ap fè, ke se moun nan ki pote plent lan, ke se moun ke yo sispek la, ke se envestigatè a, osnon temwen yo ,e ki ak tout konesans bay enfomasyon sou sa ke y o jwenn nan envestigasyon tankou idantite ofisye a sou ki ankèt la ap mennen an, sou ki jan de kesyon ki poze, sou ki jan de enfòmasyon ki bay, aksyon, demach kap fèt, dokiman ki bay avan plent lan, tout bagay sa yo sense vin biblik, konsa moun sa a koupab de yon enfraksyon de premye degre.

Non: _____

Dat: _____

Adrès: _____

Dat nesans ou: _____

Kote sa te pase: _____

Dat sa te pase: _____

Nimewo Telefonn: _____

Nimewo Ka w la: _____

Mwen, _____, sèmante ke deklarasyon ke m fè a lekri a, se laverite e ryen ke laverite. Mwen admèt tou ke mwen konprann sa ki ekri nan paragraf anwo a, sou fo deklarasyon ki fèt sou sèman.

Inisyal _____

Dokiman a lekri fè sou sèman

Mwen, _____, pèsonelman ekri li, e sèmante osnon afirme ke deklarasyon an ke mwen bay la li vre e li kòrèk.

Non moun ki pote plent la_____

Temwen:

Polis Sipèvizè/ Asistan Grefye:

Sèmante e siven devan mwen jou sa ki se , a è

Notè osnon Asistan Grefye: